

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**


Métode panalungtikan nyaéta cara anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikanana (Arikunto, 2014, kc. 203). Nurutkeun Sugiyono (2015, kc. 6), métode panalungtikan mangrupa cara ilmiah pikeun nyangking data anu *valid* nu miboga tujuan jeung mangpaat. Sacara umum, aya tilu rupa tujuan panalungtikan, nyaéta néangan, ngabuktikeun, jeung mekarkeun. Data anu dicangking dina panalungtikan digunakeun pikeun maham, matotoskeun jeung nyingkahan pasualan. Aya opat konci anu perlu diperhatikeun dina panalungtikan, nyaéta cara ilmiah, data, tujuan, jeung mangpaat (Sugiyono, 2015, kc. 3-5). Ku kituna, métode panalungtikan nyaéta cara ilmiah dina meunangkeun data pikeun tujuan anu tangtu.

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif analitis ngagunakeun pamarekan kualitatif. Métode panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan anu dilakukeun sacara alamiah dina nyangking data anu leuwih teleb sarta mibanda ma'na (Sugiyono, 2015, kc. 15). Nurutkeun Rahmat (2009, kc. 2), sacara umum métode kualitatif bisa digunakeun pikeun panalungtikan ngeunaan kahirupan masarakat, sajarah, laku lampah, fungsionalisasi organisasi, aktivitas sosial, jsb.

Métode déskriptif analitis mangrupa métode anu digunakeun pikeun ngaguar hiji hal anu ditalungtik sacara objéktif, écés tur jéntré. Cara anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta ngumpulkeun jeung nganalisis data anu luyu jeung fakta di lapangan. Dina ieu panalungtikan, anu diguar nyaéta tradisi mahinum di Désa Cipicung Kecamatan Cijeruk Kabupatén Bogor dina widang ulikan sémiotik.

#### **3.1 Desain Panalungtikan**

Desain panalungtikan mangrupa rarancang anu digunakeun saméméh ngalaksanakeun panalungtikan. Desain panalungtikan minangka konsép anu digunakeun pikeun ngadéskripsikeun prosés panalungtikan, ti mimiti tatahar nepi ka nyieun kacindekan. Desain panalungtikan anu digunakeun, dibagankeun saperti ieu di handap.



Bagan 3.1  
Desain Panalungtikan


### 3.2 Lokasi jeung Sumber Data Panalungtikan

#### 3.2.1 Lokasi Panalungtikan

Lokasi anu dijadikeun tempat panalungtikan pikeun nyangking data ngeunaan tradisi mahinum nyaéta di Désa Cipicung. Dina prak-prakanana, panalungtik nyokot sampel di Kampung Cilodong.

Désa Cipicung nyaéta salah sahiji désa di Kecamatan Cijeruk. Legana wilayah Désa Cipicung nyaéta  $\pm 461.820$  Ha anu ngawengku 3 Dusun, 7 Rukun Warga (RW), jeung 33 Rukun Tetangga (RT) sarta jumlah pendudukna 2.019 urang. Ieu di handap mangrupa wates-wates Désa Cipicung:

- a. Kalér : Désa Palasari
- b. Kidul : Désa Cipelang
- c. Wétan : Kelurahan Kertamaya/Cibalung
- d. Kulon : Désa Cipelang jeung Désa Tanjung Sari



Gambar 3.1 Peta Lokasi Panalungtikan

#### 3.2.2 Kondisi Sosial Budaya

##### 1) Cacah Jiwa

Data cacah jiwa Désa Cipicung jumlahna aya 2.019 urang, anu ngawengku 1.095 lalaki jeung 924 awéwé.

Dini Muliani, 2021

*TRADISI MAHINUM DI DÉSA CIPICUNG KECAMATAN CIJERUK KABUPATEN BOGOR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI SMA KELAS XII (Ulukan Sémiotik)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Tabél 3.1  
Jumlah Cacah Jiwa Désa Cipicung

No	Jenis Kelamin	Jumlah	Presentase (%)
1	Laki-laki	1.095	54.23%
2	Perempuan	924	45.77%
<b>JUMLAH</b>		<b>2.019</b>	<b>100 %</b>

Sumber: *cipicung-cijeruk.desa.id*

## 2) Atikan

Tina segi widang atikan bisa katitén yén masarakat Désa Cipicung rata-rata miboga atikan, najan lulusanna béda-béda ti mimiti lulusan SD nepi ka S1. Sok sanajan masih réa kénéh masarakat anu teu tamat sakola, lain hartina teu maliré kana kapentingan atikan. Éta hal bisa disababkeun ku sababaraha faktor, salah sahijina nyaéta faktor ékonomi masarakat anu masih kénéh kurang. Lian ti éta, kurangna pamahaman masarakat kana dunya atikan, jadi salah sahiji hal anu ngabaluarkeun lobana masarakat anu teu tamat sakola.

Tabél 3.2  
Jumlah Cacah Jiwa Dumasar Atikan

No	Kelompok	Jumlah		Laki-laki		Perempuan	
		n	%	N	%	n	%
1	Tidak / Belum Sekolah	458	22.68%	244	12.09%	214	10.60%
2	Belum Tamat SD/Sederajat	251	12.43%	139	6.88%	112	5.55%
3	Tamat SD / Sederajat	962	47.65%	489	24.22%	473	23.43%
4	SLTP/Sederajat	235	11.64%	146	7.23%	89	4.41%
5	SLTA / Sederajat	102	5.05%	71	3.52%	31	1.54%
6	Diploma I / II	3	0.15%	2	0.10%	1	0.05%
7	Akademi/ Diploma III/S. Muda	2	0.10%	2	0.10%	0	0.00%
8	Diploma IV/ Strata I	6	0.30%	2	0.10%	4	0.20%
<b>JUMLAH</b>		<b>2.019</b>	<b>100.00%</b>	<b>1.095</b>	<b>54.23%</b>	<b>924</b>	<b>45.77%</b>

Sumber: *cipicung-cijeruk.desa.id*

### 3) Agama

Masyarakat Désa Cipicung ngagem agama Islam. Ieu hal katitén tina data monografi yén sakabéh masarakatna, nyaéta 2.019 urang, ngagem agama Islam. Dina ngalaksanakeun ibadah, masarakat Désa Cipicung dirojong ku sababaraha fasilitas tempat ibadah, nyaéta ayana 20 masjid jeung 48 musola. Lian ti kitu, di Désa Cipicung aya 7 pondok pasantrén nu dijadikeun sarana pikeun diajar kaagamaan ku sababaraha golongan masarakat.

Tabél 3.3  
Jumlah Cacah Jiwa Dumasar Agama

No	Kelompok	Jumlah		Laki-laki		Perempuan	
		n	%	n	%	n	%
1	Islam	2019	100.00%	1095	54.23%	924	45.77%
2	Kristen Katolik	-	0,00 %	-	0,00 %	-	0,00 %
3	Kristen Protestan	-	0,00 %	-	0,00 %	-	0,00 %
4	Hindu	-	0,00 %	-	0,00 %	-	0,00 %
5	Budha	-	0,00 %	-	0,00 %	-	0,00 %
6	Kapercayaan Séjén	-	0,00 %	-	0,00 %	-	0,00 %
<b>JUMLAH</b>		<b>2.019</b>	<b>100.00%</b>	<b>1.095</b>	<b>54.23%</b>	<b>924</b>	<b>45.77%</b>

Sumber: *cipicung-cijeruk.desa.id*

### 4) Pakasaban

Pakasaban masarakat Désa Cipicung ngawengku sababaraha widang pagawéan, tapi umumna jadi wiraswasta jeung buruh harian lepas. Lian ti éta, aya ogé masarakat anu miboga pagawéan salaku PNS, guru, sopir, dagang, patani, ustadz, jeung sajabana.

Tabél 3.4  
Jumlah Cacah Jiwa Dumasar Pakasaban

No	Kelompok	Jumlah		Laki-laki		Perempuan	
		n	%	N	%	n	%
1	Belum/Tidak Bekerja	585	28.97%	326	16.15%	259	12.83%
2	Mengurus Rumah Tangga	475	23.53%	1	0.05%	474	23.48%
3	Pelajar/Mahasiswa	419	20.75%	246	12.18%	173	8.57%
4	Pensiunan	2	0.10%	1	0.05%	1	0.05%
5	Pegawai Negeri Sipil (PNS)	5	0.25%	4	0.20%	1	0.05%

Dini Muliani, 2021

TRADISI MAHINUM DI DÉSA CIPICUNG KECAMATAN CIJERUK KABUPATEN BOGOR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI SMA KELAS XII (Ulukan Sémiotik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

No	Kelompok	Jumlah		Laki-laki		Perempuan	
		n	%	N	%	n	%
6	Perdagangan	13	0.64%	13	0.64%	0	0.00%
7	Petani/Pekebun	14	0.69%	13	0.64%	1	0.05%
8	Nelayan/Perikanan	1	0.05%	1	0.05%	0	0.00%
9	Transportasi	2	0.10%	2	0.10%	0	0.00%
10	Karyawan Swasta	60	2.97%	52	2.58%	8	0.40%
11	Buruh Harian Lepas	153	7.58%	152	7.53%	1	0.05%
12	Buruh Tani/Perkebunan	14	0.69%	14	0.69%	0	0.00%
13	Ustadz/Mubaligh	1	0.05%	1	0.05%	0	0.00%
14	Guru	6	0.30%	3	0.15%	3	0.15%
15	Pelaut	1	0.05%	1	0.05%	0	0.00%
16	Sopir	6	0.30%	6	0.30%	0	0.00%
17	Pedagang	35	1.73%	35	1.73%	0	0.00%
18	Perangkat Desa	1	0.05%	1	0.05%	0	0.00%
19	Wiraswasta	226	11.19%	223	11.05%	3	0.15%
<b>JUMLAH</b>		2.019	100.00%	1.095	54.23%	924	45.77%

Sumber: *cipicung-cijeruk.desa.id*

### 5) Sarana Kaséhatan

Sarana kaséhatan anu aya di Désa Cipicung nyaéta 7 posyandu anu sumebar di sababaraha RW. Sarana kaséhatan anu réa digunakeun ku masarakat Désa Cipicung, saperti Puskesmas anu ayana di luar daérah Désa Cipicung, nyaéta Puskesmas Cijeruk anu perenahna di Désa Tanjung Sari, Puskesmas Genteng, Puskesmas Cipaku, atawa Puskesmas Balai Kambang.

Tabél 3.5  
Sarana Kaséhatan di Désa Cipicung

No.	Sarana	Jumlah
1	Puskesmas	-
2	Posyandu	7
<b>JUMLAH</b>		7

Sumber: *peraturan.bpk.go.id*

## 6) Tanaga Kaséhatan

Tanaga kaséhatan anu aya di Désa Cipicung jumlahna nyaéta 10, ngawengku 6 bidan jeung 4 paraji. Tanaga kaséhatan anu aya di Désa Cipicung anu ngawengku bidan jeung paraji mangrupa tanaga kaséhatan anu ngurus jeung mantuan awéwé dina *pra*, prak-prakan, jeung *pasca* ngalahirkeun.

Tabél 3.6  
Tanaga Kaséhatan di Désa Cipicung

No.	Tanaga Kaséhatan	Jumlah
1	Bidan	6
2	Paraji	4
3	Dokter	-
4	Mantri	-
<b>JUMLAH</b>		10

Sumber: [bppsdmk.kemkes.go.id](http://bppsdmk.kemkes.go.id)

## 7) Basa

Basa anu digunakeun ku masarakat Désa Cipicung nyaéta basa Sunda. Tapi aya sababaraha urang anu ngagunakeun basa Indonésia, éta hal biasana dilantarankeun lain urang Sunda. Sanajan kitu, sacara umum warga Désa Cipicung dina kahirupan sapopoé ngagunakeun basa Sunda salaku alat komunikasi sapopoé.

## 8) Sistem Kapercayaan Masarakat

Sistem kapercayaan sakabéh masarakat Désa Cipicung nyaéta ngagem agama Islam. Luyu jeung ageman agama Islam, sababaraha kagiatan anu dilaksanakeun sok dipatalikeun jeung agama Islam nyaéta dina babacanana ogé sok maca lafadz-lafadz Allah sarta ayat suci Al-Qur'an. Tujuanana nyaéta sangkan aya dina kabarokahan, sarta pikeun ménta kalancaran jeung kasalametan.

## 9) Sistem Kakarabatan Masarakat

Hubungan masarakat Désa Cipicung dina sistem kakarabatan atawa duduluran bisa katitén tina kahirupan sapopoé masarakatna, anu silih rojong jeung silih tulungan antara nu hiji jeung nu séjénna. Masarakat Désa Cipicung katitén gawé barengna nalika aya hiji kagiatan, upamana dina kagiatan menerkeun jalan, ngawangun masjid.

Dini Muliani, 2021

TRADISI MAHINUM DI DÉSA CIPICUNG KECAMATAN CIJERUK KABUPATEN BOGOR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI SMA KELAS XII (Ulukan Sémiotik)

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)

Masyarakatna sok ilubiung mantuan, hususna para lalaki. Lian ti éta, dina ngajaga kaamanan désa, masarakat sok ngayakeun ronda pikeun ngajaga kaamanan sacara bagilir jeung warga séjén.

### 3.2.3 Sumber Data Panalungtikan


Sumber data mangrupa hiji hal anu dipaké pikeun panalungtikan, nu bisa méré informasi ngeunaan data. Sumber data panalungtikan anu aya dina ieu panalungtikan nyaéta hasil wawancara ti sababaraha narasumber, hususna paraji anu aya di Désa Cipicung. Salian ti éta, anu jadi informan dina ieu panalungtikan nyaéta ibu-ibu atawa warga anu aya di Désa Cipicung, anu apal jeung kungsi ngalaksanakeun tradisi mahinum.

Tabél 3.7  
Data Narasumber jeung Informan

No.	Foto	Data Narasumber jeung Informan
1		Wasta : Jaroh Yuswa : 66 taun Wandabaga : Awéwé Pakasaban : Ibu Rumah Tangga Padumukan : Kampung Cilodong RT.02 RW.03 Désa Cipicung Kecamatan Cijeruk Kabupatén Bogor Kalungguhan : Paraji
2		Wasta : Mamah Yuswa : 75 taun Wandabaga : Awéwé Pakasaban : Ibu Rumah Tangga Padumukan : Kampung Bentik RT. 06 RW. 03 Désa Cipicung Kecamatan Cijeruk Kabupatén Bogor Kalungguhan : Paraji



No.	Foto	Data Narasumber jeung Informan
3		<p>Wasta : Enih  Yuswa : 55 taun  Wandabaga : Awéwé  Pakasaban : Ibu Rumah Tangga  Padumukan : Kampung Cilodong RT.02  RW.03 Désa Cipicung Kecamatan Cijeruk  Kabupatén Bogor  Kalungguhan : Tukang nyieun pahinum</p>
4		<p>Wasta : Ocah  Yuswa : 56 taun  Wandabaga : Awéwé  Pakasaban : Ibu Rumah Tangga  Padumukan : Kampung Cilodong RT.02  RW.03 Désa Cipicung Kecamatan Cijeruk  Kabupatén Bogor  Kalungguhan : Tukang nyieun lalab pikeun  bungbu pahinum</p>
5		<p>Wasta : Oom  Yuswa : 71 taun  Wandabaga : Awéwé  Pakasaban : Ibu Rumah Tangga  Padumukan : Kampung Cilodong RT.02  RW.03 Désa Cipicung Kecamatan Cijeruk  Kabupatén Bogor  Kalungguhan : Warga Kampung Cilodong  anu kungsi ngalaksanakeun tradisi mahinum  (generator kahiji–nini)</p>
6		<p>Wasta : Pitria Nengsih  Yuswa : 40 taun  Wandabaga : Awéwé  Pakasaban : Ibu Rumah Tangga  Padumukan : Kampung Cilodong RT.02  RW.03 Désa Cipicung Kecamatan Cijeruk  Kabupatén Bogor  Kalungguhan : Warga Kampung Cilodong  anu kungsi ngalaksanakeun tradisi mahinum  (generator kadua–budak)</p>

No.	Foto	Data Narasumber jeung Informan
7		Wasta : Siti Nurjannah Yuswa : 20 taun Wandabaga : Awéwé Pakasaban : Ibu Rumah Tangga Padumukan : Kampung Cilodong RT.02 RW.03 Désa Cipicung Kecamatan Cijeruk Kabupatén Bogor Kalungguhan : Warga Kampung Cilodong anu kungsi ngalaksanakeun tradisi mahinum (generator katilu-incu)

### 3.3 Téhnik Panalungtikan

#### 3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa léngkah mimiti dina ngayakeun panalungtikan. Sugiyono (2015, kc. 308) nétélakeun yén téhnik ngumpulkeun data minangka léngkah anu utama, ku sabab tujuan utama dina panalungtikan nyaéta meunangkeun data. Dina panalungtikan kualitatif, ngumpulkeun data dilakukeun dina kaayaan anu alamiah (*natural setting*); sumber data primer; jeung téhnik ngumpulkeun data leuwih réa ngagunakeun observasi *berperanserta* (*participan observation*), wawancara *mendalam* (*in depth interview*), jeung dokuméntasi (Sugiyono, 2015, kc. 309).

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan kabagi jadi tilu, nyaéta observasi partisipatif ku cara observasi langsung ka objék panalungtikan, wawancara ka sababaraha pihak anu kalibet dina lumangsungna kagiatan, sarta dokuméntasi kana kagiatan tradisi mahinum anu dilaksanakeun di Désa Cipicung, Kecamatan Cijeruk, Kabupatén Bogor.

#### a. Observasi

Observasi mangrupa hiji proses dina nyangking data anu dipikabutuh. Nasution (dina Sugiyono, 2015, kc. 310) nétélakeun yén observasi mangrupa dadasar dina sakabéh élmu pangaweruh. Data anu mangrupa fakta dicangking ngaliwatan observasi, panalungtik bisa niténan data anu aya di lapangan kalawan jembar. Nurutkeun Sanafiah Faisal (dina Sugiyono, 2015, kc. 310), observasi dibagi jadi observasi *berpartisipasi* (*participant observation*), observasi *terang-terangan* jeung *tersamar* (*overt*

*observation* jeung *covert observation*), jeung observasi *tak berstruktur* (*unstructured observation*).

Ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik observasi partisipatif. Dina observasi partisipatif, panalungtik kalibet dina kagiatan sapopoé jalma anu ditalungtikna. Panalungtik ilubiung dina sagala hal anu dilakukeun ku sumber data. Ngaliwatan observasi partisipatif, data anu dicangking bakal leuwih lengkep sarta ma'na anu nyampak leuwih dipikaharti (Sugiyono, 2015, kc. 310).

#### b. Wawancara

Wawancara minangka téhnik ngumpulkeun data pikeun mikanyaho hal-hal nu leuwih teleb ti narasumber. Wawancara nyaéta paguneman nu miboga udagan pikeun nyangking kontruksi anu kajadian ngeunaan jalma, kajadian, aktivitas, organisasi, perasaan, motivasi, jsb (Suwendra, 2018, kc. 55). Susan Stainback (dina Sugiyono, 2015, kc. 318) nétélakeun yén ngaliwatan wawancara, panalungtik bisa mikanyaho hal anu leuwih nyosok jero ti partisipan dina ngainterpretasikeun fenomena anu kajadian.

Nurutkeun Esterberg (dina Sugiyono, 2015, kc. 319), wawancara dibagi jadi tilu jenis, nyaéta wawancara *terstruktur*, wawancara *semistruktur*, jeung wawancara *tidak terstruktur*. Jenis wawancara anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta wawancara *semistruktur*. Wawancara *semistruktur* kaasup kana katégori *in-depth interview*, nyaéta dina prak-prakanana leuwih bébas saupama dibandingkeun jeung wawancara *terstruktur*. Tujuanana pikeun manggihan pasualan sacara leuwih terbuka, ku cara pihak anu diwawancara dipénta sawangan jeung ide-idenana (Sugiyono, 2015, kc. 320).

#### c. Dokuméntasi

Dokuméntasi nyaéta catetan kajadian anu geus lumangsung, bisa mangrupa tulisan, gambar, atawa karya monuméntal hiji jalma (Sugiyono, 2015, kc. 329). Téhnik dokuméntasi anu digunakeun dina ieu panalungtikan pikeun ngadokuméntasikeun hal-hal anu aya patatalina jeung tradisi mahinum di Désa Cipicung Kecamatan Cijeruk Kabupatén Bogor.

### 3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Data-data panalungtikan anu geus kakumpulkeun ngaliwatan sababaraha téhnik ngumpulkeun data di luhur, satuluyna diolah jeung dianalisis ngagunakeun tiori-tiori anu geus ditangtukeun. Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan kabagi kana tilu bagéan di antarana: (1) téhnik analisis déskripsi tradisi mahinum di Désa Cipicung, (2) téhnik analisis unsur sémiotik, jeung (3) téhnik nyusun bahan ajar.

#### 1) Téhnik Analisis Déskripsi Tradisi Mahinum di Désa Cipicung

Analisis déskripsi tradisi mahinum di Désa Cipicung ngawengku pedaran prak-prakan tradisi mahinum sarta alat jeung bahan anu kudu aya dina tradisi mahinum.

#### 2) Téhnik Analisis Unsur Sémiotik

Analisis unsur sémiotik dina tradisi mahinum di Désa Cipicung ngawengku pedaran ulikan sémiotik dumasar tiori Peirce anu ngabagi tanda kana tilu bagéan, nyaéta indéks, ikon, jeung simbol.

#### 3) Téhnik Nyusun Bahan Ajar

Analisis bahan ajar dina ieu panalungtikan ngawengku cara nangtukeun kritéria bahan ajar jeung nyusun bahan pangajaran dina wangun artikel.

## 3.4 Instrumén Panalungtikan

### 3.4.1 Instrumén Panalungtikan dina Ngumpulkeun Data

Arikunto (2013, kc. 203) nétélakeun yén instrumén panalungtikan nyaéta alat atawa fasilitas anu dipaké ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data sangkan leuwih gampang dipigawé jeung bisa meunangkeun hasil panalungtikan anu leuwih hadé. Instrumén panalungtikan jadi salah sahiji hal anu mangaruhan kana hasil panalungtikan. Dina panalungtikan kualitatif, kualitas instrumén panalungtikan patali jeung validitas sarta reliabilitas instrumén. Instrumén anu geus kauji validitas jeung reliabilitasna can tangtu ngahasilkeun data anu valid jeung reliabel, saupama éta instrumén henteu digunakeun sacara bener dina ngumpulkeun datana (Sugiyono, 2015, kc. 305). Anapon instrumén dina ieu panalungtikan nyaéta saperti ieu di handap.

## 1) Instrumén Observasi

Tabél 3.8  
Instrumén Observasi

No.	Indikator	Anu diobservasi
1.	<i>Pra</i> Kagiatan	1) Hal-hal anu kudu disiapkeun saméméh tradisi mahinum dimimitian
2.	Prungna Kagiatan	1) Prungna tradisi mahinum 2) Waktu lumangsungna tradisi mahinum 3) Tempat dilaksanakeunana tradisi mahinum
3.	<i>Pasca</i> Kagiatan	1) Hal-hal anu dilakukeun sabada kagiatan tradisi mahinum
4.	Palaku	1) Paraji 2) Indung budak 3) Palaku dina ngalaksanakeun tradisi mahinum
5.	Alat jeung Bahan	1) Alat anu digunakeun dina tradisi mahinum 2) Bahan anu kudu aya dina nyieun buras, pahinum, jeung kaolahan séjén dina kagiatan marhaba jeung hadiah.

## 2) Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara digunakeun pikeun cecekelan panalungtik dina ngalaksanakeun wawancara ka narasumber jeung informan, kalawan ngagunakeun patokan mangrupa daptar pananya anu patali jeung masalah nu rék ditalungtik. Pedoman wawancara digunakeun pikeun nyangking data kagambar di handap.

Tabél 3.9  
Format Biodata Narasumber jeung Informan

<b>Biodata Informan</b>	
1. Wasta	:
2. Yuswa	:
3. Wandabaga	:
4. Pakasaban	:
5. Padumukan	:
6. Kalungguhan	:

Tabél 3.10  
Format Pedoman Wawancara ka Paraji

No.	Rumusan	Daptar Pananya
1	Sajarah/asal-usul tradisi mahinum	a. Kumaha asal-usul tradisi mahinum di Désa Cipicung? b. Naon udagan dilaksanakeunana tradisi mahinum? c. Kumaha kaayaan tradisi mahinum baheula? d. Kumaha kaayan tradisi mahinum ayeuna?
2	Waktu	a. Iraha jeung di mana dilaksanakeunana tradisi mahinum? b. Ti jam sabaraha nepi ka jam sabaraha éta tradisi mahinum dilaksanakeun?
3	Palaku	a. Saha anu mingpin éta tradisi? b. Saha waé masarakat anu ilubiung dina éta tradisi?
4	Prak-prakan	a. Aya kagiatan naon waé dina kagiatan tradisi mahinum? b. Kumaha prak-prakan kagiatan tradisi mahinum?
5	Alat jeung bahan anu digunakeun dina tradisi mahinum	a. Hal-hal naon waé nu kudu disadiakeun nalika rék ngalaksanakeun tradisi mahinum? b. Alat naon waé nu digunakeun dina tradisi mahinum? c. Aya kaolahan naon waé nu dipidangkeun dina éta tradisi? d. Bahan naon waé nu digunakeun dina nyieun kaolahan dina tradisi mahinum?
6	Ma'na	a. Naon fungsi alat atawa bahan anu digunakeun dina tradisi mahinum? b. Naon ma'na tina sagala rupa hal anu aya dina tradisi mahinum?

Tabél 3.11  
Format Pedoman Wawancara ka Ibu-ibu

No	Daptar Pertanyaan
1.	Ti iraha terang aya tradisi mahinum?
2.	Taun sabaraha ibu ngalaksanakeun tradisi mahinum?
3.	Kumaha prak-prakan mahinum anu kantos dilaksanakeun?
4.	Naha uninga hal-hal naon waé anu kedah disadiakeun nalika badé ngalaksanakeun tradisi mahinum?
5.	Naha uninga alat naon waé anu digunakeun dina tradisi mahinum?

No	Daptar Pertanyaan
6.	Naha uninga kaolahan naon waé anu didamel sareng dipidangkeun dina éta tradisi?
7.	Naha uninga bahan naon waé anu digunakeun dina ngadamel kaolahan anu aya dina tradisi mahinum?
8.	Naha uninga kana fungsi tina alat sareng bahan anu aya dina tradisi mahinum?
9.	Naha uninga kana ma'na tina sagala rupa anu aya dina tradisi mahinum?

### 3.4.2 Instrumén Panalungtikan dina Ngolah Data

Instrumén panalungtikan dina ngolah data nyaéta ku cara milih hasil wawancara jeung ngaobservasi hasil wawancara sacara sistematis luyu jeung anu rék dipedar.

#### 1) Instrumén Analisis Data Hasil Wawancara

Tabél 3.12

Instrumén Analisis Data Hasil Wawancara

<b>Prak-prakan Tradisi Mahinum</b>
1. Prak-prakan tradisi mahinum Déskripsi: Prak-prakan tradisi mahinum di Désa Cipicung kabagi kana sababaraha bagéan nyaéta...
2. <i>Pra</i> tradisi mahinum di Désa Cipicung Déskripsi: Tradisi mahinum dimimitian ku nataharkeun sakabéh alat (properti) anu baris digunakeun dina nyieun buras...
3. Prungna tradisi mahinum di Désa Cipicung Déskripsi: Kegiatan inti atawa prungna tradisi mahinum nyaéta...
4. <i>Pasca</i> tradisi mahinum di Désa Cipicung Déskripsi: <i>Pasca</i> kegiatan nyaéta...

<b>Alat (Properti) anu Kudu Aya dina Tradisi Mahinum</b>
1. Alat (Properti) anu Kudu Aya dina Tradisi Mahinum Déskripsi: Alat atawa properti anu digunakeun dina tradisi mahinum nyaéta...
<b>Bahan anu Kudu Aya dina Tradisi Mahinum</b>
1. Bahan anu Kudu Aya dina Tradisi Mahinum

Déskripsi: Dina tradisi mahinum, aya sababaraha kaolahan anu dijieun, nyaéta...

### Sémiotik dina Tradisi Mahinum

1. Ikon dina tradisi mahinum di Désa Cipicung  
Déskripsi: Ikon mangrupa tanda anu hubungan antara penanda jeung...
2. Indéks dina tradisi mahinum di Désa Cipicung  
Déskripsi: Indéks mangrupa tanda anu nuduhkeun ayana hubungan sabab-akibat...
3. Simbol dina tradisi mahinum di Désa Cipicung  
Déskripsi: Simbol mangrupa tanda anu nunjukkeun ayana hubungan...

## 2) Instrumén Nyusun Bahan Ajar

Tabél 3.13  
Kritéria Bahan Ajar

No.	Kritéria Milih Bahan Ajar
1.	Tujuan anu dihontal
2.	Mibanda ajén pikeun kahirupan manusa
3.	Mibanda ajén pikeun warisan ka generasi ngora
4.	Mibanda mangpaat pikeun nambah wawasan paélmuan
5.	Luyu jeung pangabutuh katut minat siswa

Tabél 3.14  
Nyusun Bahan Ajar

Nyusun Bahan Ajar
1) Judul: Tradisi Mahinum
2) Eusi: <ol style="list-style-type: none"> <li>a. Déskripsi tradisi mahinum</li> <li>b. Bahan-bahan Pahinum</li> <li>c. Cara nyieun Pahinum</li> </ol>
3) Bahan Évaluasi: <ol style="list-style-type: none"> <li>a. Soal Pilihan Ganda (PG)</li> <li>b. Soal Essay</li> </ol>